

# TATA PANGIBADAH MINGGU EPIFANI KAPING TIGA - GKJ AMBARRUKMA

## 19 JANUARI 2025

**Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**

(Warni Liturgis: Ijem, Stola/Logo/Simbol : Bintang Bersegi Gangsal)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

***Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.***

“Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Sangalas Januari Kalih Ewu Selangkung** (19 Januari 2025).

Kita aturaken uluk salam kabingahan kita sami kanthi jawat-asta utawi salam namaste kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Mugi berkah kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedherek, tuwin Lare-lare sadaya.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan **”Tansah Cumawis Pangajeng-Ajeng Nalika Wonten Kawigatosan”** badhe kaladosaken dening Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan Kristen Nemlikur pada Setunggal lan Kalih (KPK 26 : 1 + 2), “Puji Panuwun” ..... pasamuwan kasuwun jumeneng**

- |   |   |
|---|---|
| (1) Sumangga prakanca marek ngarsaning Gusti<br>anggunggung asmanya wit sihe kang sejati<br>de krana Kang Putra kita tansah begja<br>siang dalah ratri Gusti kang ngrimati. | (2) Yehuwah Makwasa kang paring kabingahan,<br>lan tentrem raharja dugeng jaman klanggengan,<br>krana Yesus Gusti maringken Roh Suci,<br>kita dados panggah mituhu mring Allah. |
|---|---|

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar.)*

**3. Votum tuwin Salam Karaharjan:** (Pasamuwan Jumeneng)

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**Amin, Amin, Amin.**

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

**4. Lektor : Sabda Introitus : 1 Korinta 12 : 4 - 7**

- Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”  
Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

**5. Liturgos :** “Pasamuwan ing tetunggalinipun Gusti Yesus, sumangga kita tansah pitados bilih Gusti Allah menika ingkang nindakake samubarang wontening sedaya tiyang lan saben tiyang kaparingan wedharanipun Sang Roh kangege kaperluhanipun tiyang kathah.

Sesarengan kita repenaken kidung sukarena, **Kidung Pasamuwan Kristen Tiga Welas pada Setunggal Ieu Kalih (KPK 13 : 1 + 2), “Aku Duwe Pamarta”**

- (1) Aku duwe Pamarta Yesus Kristus asmanya  
kang wus ngurbankeun sarira ngruwat aku sing dosa,  
Refr:  
duwekku duwekku Gusti Yesus Pamartaku dak puji trusing kalbu.
- (2) Aku duwe Pamarta satuhu ing kasetyan,  
yen aku nyangga panandhang pinaringan karosan.....Refr:

**6. Pandhita : Sabda Andharaning Karesnan (Mulad Sarira) : Rum 13 : 8**

**7. Imam : Pacawisan Pamratobat**

Pasamuwan kagunganipun Gusti, kita kaemutaken supados tansah mratobat ing sakathahing dosa duraka kita.

Pramila sumangga sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Jawi Kawan Dasa Enem pada Setunggal Ian Tiga (KPJ 46 : 1 + 3)**, “Awit Kathah Dosa Kula”

- |   |   |
|---|---|
| (1) Awit kathah dosa kula,<br>mila tansah kemengan<br>Gusti kang madhangi manah<br>myang tuking kabingahan. | (3) Gusti kang kula ndelaken,<br>mugi nuntun mring kula.<br>Kula badhé ngêstokaken<br>ing sakarsa Paduka. |
|---|---|

## 8. Imam: Pandonga Pamratobat

Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pamuji syukur konjuk ing ngarsa Paduka Gusti, ingkang nitahakaen jagat raya tuwin sak isinipun. Sih kamirahan Paduka tansah rumentah ing gesang kawula. Ing pangibadah enjang menika, kawula saget sowan ing ngarsa Paduka. Kawula nelangsa Gusti, bilih kawula kebak dosa. Kawula tiyang ingkang kathah dosa kula, mila tansah kemengan. Awit saking menika Gusti, kawula nyuwun piwelas saha kamirahan Paduka. Paduka Gusti ingkang paring pangaksama saking sakathahing dosa kawula menika. Kawula nyuwun pitulungan saha sumunaripun pepadhang saking Paduka Gusti, ing sak uruting lampah gesang kawula. Mugi berkah pepadhang sih katresnan saha kamirahan saking Paduka menika tansah kawula lajengaken ing gesang menika.

Mugi lampah tresna lelabet sesami saha tresna trusing ati tansah kawula tuladha ing Gusti. Linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

## 9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Rum 5 : 5

**Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : 1 Yokenan 4 : 11**

## 10. Liturgos : “Pasamuwan ing tetunggilanipun Gusti, kita kadhawuhan tansah sami bingah-bingah ing gesang sak lebeting Gusti.

Sumangga sesarengan kita ugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Suwidak Gangsal pada Setunggal Ian Gangsal (KPK 165 : 1 + 5)**, “*Jatining Katresnan*”..... *pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Lamun kula anglampahi tindak luhur mulya  
nging yen tanpa tresna yekti muspra tanpa gina  
Refr:  
kula winulanga tansah lampah tresna lelabet sesami nulad tindaking Gusti  
kula winulanga tresna trusing ati nggih nuladha tindaking Gusti.
- (5) Tresna iku sabar drana tulus angapura,  
tepa slira wah jatmika myang lampah utami,.....Refr:

- 11. Wedharing Sabdanipun Gusti** *(Pasamuwan Lenggah)*
- a) Pandhita : **Pandonga Epiklese**
  - b) Pandhita : maosaken **Yokanan 2 : 1 - 11**
  - c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**  
**Pasamuwan:** 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |  
Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya
  - d) Pandhita : **Paladosan Khotbah**
  - e) Irah-irahan: “**Tansah Cumawis Pangajeng-Ajeng Nalika Wonten Kawigatosan**”
  - f) Ancas : **Pasamuwan saget ngraosaken bilih tansah wonten pangajeng-ajeng ing satengahing kawigatosan kita tumrap sesami.**
- 12. Pandhita : paladosan sakramen baptis tumrap Sdr. SYAFRIZAL EDGAR ADYTIA**, putranipun brayat Bp. Amriyadi – Ibu Sri Murniati, kanthi alamat: Danukusuman GK IV No. 1349 RT 19 RW 06, Baciro, Gondokusuman, Wilayah 4.  
**Panampining Berkah saksampunipun baptis, kairing Kidung Pasamuwan Kristen 63, pada 3**
- Pangeran Allah Makwasa ngluberken berkah sing swarga,  
muwuhi ing sih rahmatnya ngiring ing kasetyanira.
- 13. Pisungsung**
- Imam :** “**Pasamuwan ingkang dipun kanthi Gusti, berkahipun Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Awit saking menika, kita badhe nyaosaken pisungsung dumateng Gusti minangka cihnaning raos sokur kita.**
- Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan **Caos Sokur Peladosan Baptis** saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.
- Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.
- Tetales pisungsung ing wekdal punika, kapethik saking kitab **Jabur Bab Seket Kalih Ayat Sewelas (Jabur 52 : 11)** ingkang mekaten suraosipun:
- “Kawula badhe ngunjukaken pamuji sokur wonten ing ngarsa Paduka ing salamilaminipun, margi saking pangreh Paduka; awit asma Paduka punika sae, mila badhe kawula suwuraken wonten ing ngajengipun para kekasih Paduka!”**

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Wolung Dasa Enem pada Setunggal dumugi Sekawan (KPK 186 : 1 – 4), “Pisungsung Konjuk Mring Gusti”**

- (1) Jagad nampik sihing Allah nytingkur mring Sang Pamarta  
nging kula pracaya pasrah ngraosken sih rahmat nya

Refr:

mangga sru ngidung ngunggung Hyang Widi wah sung pisungsung konjuk mring Gusti  
ngaturken pratandha sokur krana berkahnya mancur.

- (2) Jagad ndlarung aneng. dosa tansah mburu kadonyan,  
kula bekti mring Sang Rama wit rinoban kabegjan,.....Refr:

- (3) Jagad manut rehing pati kang dugeng nraka langgeng,  
kula tinuntun Roh Suci ing manah ayem tentrem,.....Refr:

- (4) Jagad remen ing pablunthah ngendhem sengit lan drengki,  
kula'dadya putreng Allah mila tresna sesami,.....Refr:

#### 14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesareangan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

16. **Pandhita : Paladosan Berkah**
17. **Liturgos :** ‘Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan lan sadaya para-para ingkang sampaun nyengkuyung lampahing pangibadah, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah punika.
- Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita mbudidaya supados tansah wonten pangajeng-ajeng ing satengahing kawigatosan kita tumrap sesami.
- Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Tigang Dasa Wolu pada Setunggal lan Kalih (KPJ 438 : 1 + 2), “Gusti, Paduka Ngirid Lampah Kula”**
- |   |  |
|---|--|
| (1) Gusti, Paduka ngirid lampah kula<br>Kula ndherek Paduka salaminya.<br>Kawula datan saged milih margi<br>Mugi sapurug kula, Gusti ngantri. | (2) Paduka dedalema ing tyas kula<br>supados arerema lampah kula<br>Kula tansah sumendhe ing karsanta,<br>wit Paduka kang nebus gesang kula. |
|---|--|
18. **Liturgos :** “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampaun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur mugi katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”